

# Ki chemen ou pral pran ou menm? Edikasyon

Pifò travay mande yon nivo edikasyon ki pi wo pase lekòl segondè. Nivo edikasyon ou pral bezwen an pral depan selon travay ou vle a.



Lekòl karyè ak teknik yo ofri pwogram ant 6 a 18 mwa pou prepare pou karyè nan domèn tankou plonbri, elektrik, mekanik machin, kwizin, kosmetoloji, elatriye.

Kolèj 2 ane yo ofri diplòm asosye. Ou ka antre nan mache travay la ak yon degre nan domèn tankou swen sante oswa teknoloji infòmatic. Ou gin opsyon tou pou transfere nan yon kolèj oswa inivèsite pou w pran yon diplòm Lisans



Nan Florida, kolèj leta gin akò fòmèl 2 + 2 ak inivèsite lokal yo. Relasyon sa yo bay elèv yo opsyon pou yo konplete premye de (2) lane diplòm Lisans yo nan yon kolèj leta epi rès de (2) lane yo nan yon inivèsite. Sa ka ede fanmi yo ekonomize lajan sou yon diplòm kat (4) lane.



Yon diplòm Lisans nan kolèj oswa inivèsite kat (4) lane ka prepare ou pou travay nan domèn tankou biznis, edikasyon, oswa jeni. Ou ka kontinye pou lekòl segondè pou etidye domèn tankou la lwa oswa medsin.

Pou w ap etidye pou diplòm 4 lane a, ou pral devlope konesans ki elaji ki ka rann li pi fasil pou w chanje karyè nan tout vi ou.

## Sèvis

Si ou enskri nan lame Etazini, ou pral resevwa fòmasyon ak aprann konpetans ki ka vin tounin yon karyè. Epitou, ou pral gin opòtinite pou kontinye edikasyon ou pita ak avantaj GI Bill yo

**AmeriCorps** ofri yon lòt opòtinite pou antre nan sèvis piblik. Ou ka patisipe nan pwojè ki sèvi kominote ki nan bezwen yo, tankou bati kay oswa netwayaj dezaz. Ou pral resevwa yon prim edikasyon ou ka itilize pou tounen lekòl tou.



## Travay

Antre nan mache travay la se yon lòt opsyon pou elèv yo. Pou ogmante potansyèl salè ou, konsidere gade pwogram aprantisaj, oswa travay pou yon biznis famiyal.

# Jwenn sipò ou bezwen an

Gen anpil chwa pou sa ou ka fè apre lekòl segondè, donk ou ka santi ou kraponnin lè pou w pran yon desizyon. Sèvi ak gid sa a pou kòmanse planifye pwochen etap ou yo bonè.

Pandan w ap fè pakou sa a, plan ou ka chanje sou wout la. Se pa yon pwoblèm! Ou ka toujou ale nan zouti ki nan gid sa a pou revizite ak revize plan an, jan sa nesèsè.



Florida College Access Network, yon rezo nan tout Eta a ki gen objektif pou asire tout rezidan Florida yo jwenn aksè nan edikasyon apre lekòl segondè yo bezwen pou yo prepare pou patisipe nan mindèv Florida. Pou jwenn plis resous pou aksè nan kolèj, al gade nan: [www.FloridaCollegeAccess.org](http://www.FloridaCollegeAccess.org)




















Plan It Florida se youn nan kat (4) inisyativ College Ready Florida ki kowòdone pa Florida College Access Network. Objektif Plan It Florida se pou ekipe elèv yo ak resous ak konpetans yo bezwen pou fè yon plan pou lavi apre lekòl segondè.

# Gwoup Karyè

Kolèj leta Florida yo ofri klas nan diferan gwoup karyè. Sa ka ede w eksplòre yon domèn ki interese w san ou pa bezwen konnin egzakteman djòb ou vle a.

Gwoup yo ka varye yon ti kras ant kolèj yo, min yo jeneralman klase nan kategori sa yo:

 Agrikilti, Manje, ak Resous Natirèl	 Achitekti ak Konstriksyon	 Atizana, Teknoloji Odyovizyèl ak Kominikasyon
 Jesyon Biznis ak Administrasyon	 Edikasyon ak Fòmasyon	 Enèji
 Jeni ak Edikasyon Teknoloji	 Finans	 Gouvènman ak Administrasyon Piblik
 Syans Sante	 Ospitalite ak Tourism	 Sèvis Sosyal
 Teknoloji Enfòmatic	 Lwa, Sekirite Piblik ak Sekirite Sosyal	 Fabrikasyon
 Marketing, Komès, ak Sèvis	 Transpò, Distribisyon, ak Lojistik	

Pou jwenn plis infòmasyon sou gwoup karyè ki disponib yo, al gade nan: <https://youtu.be/9uoeebRutxI>

# Gid Preparasyon pou Kolèj ak Karyè



PLAN IT FLORIDA





## Klas 6èm ak 9èm ane: Expose

Li pa janm twò bonè pou kòmanse panse a lavni ou! Konsantre sou devlope konpetans ki pral itil kèlkeswa chimin ou pran, epi chèche opòtinite ekspoze tèt ou nan opsyon pou apre lekòl segondè.

Aprann kijan pou w etidye byen epi konsantre sou jwenn bon nòt.

Remake ki sijè ou rinmin plis, ak/oswa ki sa ou pi fò ladan, epi chèche èd nan metyè ou rinmin plis yo.

Fè rechèch sou opsyon pou lekòl segondè, epi konsidere lekòl leta espesyalize (magnet school) yo oswa akademi karyè.



Patisipe nan pastan tankou espò, wobotik, fwa syans, lig matematik, deba, pwogram 4H, Modèl Nasyonzini, mizik, teyat, aktivite relijye, ak sèvis kominotè pou eksplore interè ou.

Fè rechèch sou kolèj ak inivèsite nan zòn nan ki ofri pwogram anrichisman tankou TRIO, GEAR UP, oswa CROP.



Kòmanse aprann sou travay ak karyè nan men zanmi fanmi ou, liv, ak nan resous gratis tankou MyCareerShines ak Launch My Career. Epiou, ou ka chèche opòtinite pou suiv yon fanmi oswa zanmi pandan lap travay pou aprann plis sou li.

**MyCareerShines**  
A service of FloridaShines

[www.mycareershines.kuder.com](http://www.mycareershines.kuder.com)

**Launch My Career**

[www.launchmycareerfl.org](http://www.launchmycareerfl.org)

### Objektif: Idantifye 3 Gwoup Karyè

Kolèj leta Florida yo divize an kategori selon "gwoup karyè yo". Avan w fini ak klas 9yèm ane, idantifye omwen 3 nan gwoup sa yo pou w ka aprann plis sou yo. (Gade dèyè tiliv sa a pou jwenn plis infòmasyon.)

## Klas 10èm ane: Eksplote

Lè ou nan klas 9èm ak 10èm ane, kòmanse eksplore opsyon diferan pou lavi apre lekòl segondè epi panse sou ki youn ta ka bon pou ou. Sa ka ede ou planifye ki klas ou vle pran nan lekòl segondè oswa ki aktivite ou vle patisipe nan yo.

Kòmanse pran klas avanse nan matyè ki interese w yo. Konsidere opsyon tankou AP (Plasman Avanse), Onè, ak inskripsyon doub.

Etidye pou PSAT a, epi pran li nan sezon otòn lan.



[www.floridastudentfinancialaid.org/ssfad/bf](http://www.floridastudentfinancialaid.org/ssfad/bf)

Sèvi ak resous sou entènèt la tankou Khan Academy pou jwenn èd ak matyè lekòl, oswa pou aprann plis sou sijè ki interese w yo.



Fè rechèch sou opòtinite bous detid ki disponib nan tout peyi a ak nan kominote lokal ou a. Èske wap bezwen fè yon kantite èdtan sèvis kominotè, patisipe nan aktivite andeyò lekòl (ekstrakirikilè), oswa reyalize yon sèten mwayèn GPA pou kalifye?

### Objektif: Idantifye 3 Karyè

Kòmanse aprann plis sou karyè nan gwoup yo ki interese w yo. Avan ou fini ak 10yèm Klas la, idantifye omwen 3 nan gwoup sa yo pou w ka aprann plis sou yo. Kòmanse fè rechèch sou egzijans edikasyon pou karyè sa yo.

## Klas 11yèm ane: Eksperimantasyon

Ou ka dekouvri ou gin anpil bagay ki interese w, epi ou pa konnen kilès ou ta renmen pouswiv. Se pa yon pwoblèm! Patisipe nan aktivite ak opòtinite akademik ki pèmèt ou fè eksperimantasyon avèk konpetans diferan pou aprann plis sou ki moun ou ye ak ki sa ou bon ladan.

Konsantre sou nòt ou yo! Pliske gin chans pou w aplike nan kolèj nan sezon otòn dènye ane ou nan lekòl segondè, se nòt ou fè nan klas 11èm ane ki pral nòt pi resan yo pral wè.



Kòmanse vizite kolèj ki interese w yo. Chèche konnin si lekòl ou a oswa yon òganizasyon kominotè patwone vizit nan kolèj.

Sèvi ak zouti sou entènèt tankou College Scorecard pou fè rechèch sou kolèj ak inivèsite ki interese w.

Fè rechèch sou egzijans pou admisyon pou kolèj ki interese w, epi assure w ou pran klas w ap bezwen yo.

Pran SAT / ACT pa pita pase semès printan an.



Epiou, ou ka eseye frekante kan pou pase yon semèn nan yon kanpous kolèj pandan peryòd lete a. Anpil kan espò, atizana, ak syans ofri pwogram sa yo.

### Objektif: Idantifye 2 a 4 Chimin

Nan klas 11yèm ane, idantifye 2 a 4 chemen ou ka pran apre lekòl segondè selon karyè ki interese ou a. Tcheke dèyè tiliv sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou vwa ki disponib yo.

## Klas 12yèm ane: Egzekite

- Finalize yon lis 2 a 4 kolèj ou pral aplike a nan yo
- Mande pwofesè / sipèvizè / konseye yo lèt rekòmandasyon kòmanse nan mwa septanm
- Tcheke avèk konseye lekòl ou a pou wè si ou kalifye pou egzansyon pou w pa bezwen peye frè aplikasyon an
- Ranpli aplikasyon pou kolèj ou yo; sonje, pou kèk kolèj, ou ka bezwen aplike avan 1ye novanm pou kalifye pou bous detid ak èd nan men institisyon sa a
- Chèche konnen si nenpòt nan lekòl ou aplike pou yo aksepte Aplikasyon Komen an
- Ranpli **Aplikasyon Gratis pou Èd Elèv Federal (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA)** bonè-bonè pou kalifye pou lajan gratis pou kolèj [www.commonapp.org](http://www.commonapp.org)
- Ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye Florida a pou aplike pou Bright Futures ak lòt èd leta
- Fè rechèch epi aplike pou bous detid lokal ak nasyonal
- Konpare pake èd finansye nan lekòl ki aksepte ou yo — pale ak konseye lekòl ou a pou li ka ede w
- Chwazi yon kolèj, ranpli papye yo, epi soumèt depo w la
- Fè plan pou patisipe nan oryantasyon ak inscrit pou klas yo



[www.commonapp.org](http://www.commonapp.org)



[www.fafsa.ed.gov](http://www.fafsa.ed.gov)

FAFSA louvri 1ye oktòb. Ale nan [www.fafsa.ed.gov](http://www.fafsa.ed.gov) pou konnen si ou kalifye pou lajan gratis pou kolèj!

### Objektif: Aplike epi Ale!

Li lè pou mete plan ou an aksyon!

Swiv etap sa yo ki pi wo a pou aplike pou kolèj ak pou èd finansye. Talè konsa ou pral nan wout pou lavi apre lekòl segondè.